

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa nya éta alat komunikasi anu kacida pentingna dina kahirupan sapopoé. Lamun urang teu bisa ngagunakeun basa, tangtu urang moal ngarti kana pamaksudan anu di tepikeun panyatur ka urang salaku pangregep.

Basa Sunda téh nya éta salasihiji basa daérah di Indonesia anu masih kénéh dimumulé ku masarakat anu aya dijerona salaku basa indung. Hirup kumbuh jeung mekarna basa Sunda moal leupas tina kahirupan jeung kamekaran masarakat Sunda. Tangtu loba parobahan-parobahan anu lumangsung dina kahirupan sapopoé urang Sunda. Hal éta saluyu jeung pungsi utama basa Sunda, nya éta alat pikeun ngayakeun kontak atawa hubungan anu digunakeun panyatur ka paregepna.

Basa Sunda ditilik tina cara ngagunakeunana ngabogaan sababaraha variasi, diantaranya variasi géografi anu ngabalukarkeun ayana géografi dialék. Dialék téh aya sababaraha rupa di antarana baé: (1) dialék sosial, (2) dialék témporal, (3) dialék régionai atawa géografis, jeung (4) dialék lokatif.

Aya sababaraha faktor anu ngamangaruhan kana kamekaran dialék, nya éta faktor kabasaan, faktor luareun basa, faktor kaayaan alam, faktor batas-batas pulitik, faktor ékonomi jeung faktor patukeurna budaya jeung cara hirup masarakat di hiji wewengkon.

Dumasar kana hal éta, anu nyebutkeun yén ayana kamungkinan hiji basa bisa leungit lantaran kasilih ku basa lulugu atawa basa Indonesia. Ieu panalungtikan téh medar ngeunaan kamekaran basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Jampangkulon. Naha éta basa Sunda dialék téh masih kénéh dipaké atawa henteu?

Salasahiji tarékah pikeun ngamumulé basa Sunda salian dibiasakeun make basa Sunda di lingkungan kulawarga. nya éta ngaliwatan pangajaran disakola-sakola. Tujuanana sangkan siswa mahér dina ngagunakeun basa Sunda. Salasahijina nya éta ngaliwatan pangajaran nyarita. Nyarita bisa ngarangsang siswa pikeun ngagunakeun dialék anu digunakeun di daérahna. Sok sanajan ayeuna basa Sunda geus kalindih ku basa Indonésia. Sabab kiwari maké basa Indonésia katempo leuwih gaya pikeun barudak sakola. Geus poho kana basa Sunda nu kumaha nu hade téh dina kahirupan sapopoéna. Dumasar kana hal éta ngamumulé basa Sunda di sakola kacida pentingna pikeun numuwuhkeun kacinta jeung kareueus barudak sakola kana basa Sunda.

Kalungguhan basa Sunda salaku basa daérah ngabogaan fungsi diantaranya: (1) lambanga kareueus daérah. (2) lambang idéntitas (jati diri) daérah, (3) pakakas gaul di lingkungan kulawarga jeung masarakat daérah, (4) basa panganteur timimiti kelas I nepika kelas III. (5) pangrojong basa nasional. (6) pangrojong jeung pamekar kabudayaan daérah (Prawirasumantri. 1990:21).

Panalungtikan-panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngeunaan Dialék diantaranya Yanti Damayanti (010583) anu judulna "*Basa Sunda Dialék Cisaat Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Di SMP*". Adi Senjaya (000005)

anu judulna "*Basa Sunda Dialék Sukabumi Di Kacamatan Waluran*, Ima Hasmanovi (993629) anu judulna "*Basa Sunda Dialék Pandeglang Di Kacamatan Cipeucang pikeun Bahan Pangajaran di SLTP*".

Ieu panalungtikan dijudulan "*Géografi Dialék Basa Sunda di Kacamatan Jampangkulon Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di Kelas VII SMPN 1 Jampangkulon Taun Pangajaran 2007/2008*".

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Luyu jeung kasang tukang masalah diluhur ieu panalungtikan baris diwatesan ngan saukur ngagambarkeun geografi dialék basa Sunda di Kacamatan Jampangkulon Kabupaten Sukabumi anu ngawengku kana bidang: (a) istilah pancakaki, (b) kecap gaganti jeung sesebutan, (c) kahirupan désa jeung masarakat, (d) bagian tina awak, (e) imah jeung babagianna, (f) pakakas, (g) kadaharan, (h) panyakit, (i) pagawéan, (j) pakéan, (k) kaulinan, (l) tutuwuhan, (m) sasatoan, (n) kaayaan alam jeung musim, (o) budi parangi. Sababna nangtukeun kecap-kecap éta nya eéta kecap-kecap éta téh sok dipaké dina kahirupan sapopoé di éta wewengkon.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Pasualan nu baris dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah-kalimah panalék. Dumasar kana hal éta, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu dihandap:

- 1) Aya sabaraha jumlah kecap basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Jampangkulon téh?
- 2) Kumaha wangun kecap dialék Sukabumi di Kacamatan Jampangkulon téh?
- 3) Kumaha péta wilayah sebaran dialék géografi basa Sunda Sukabumi di Kacamatan Jampangkulon?
- 4) Kumaha kandaga kecap basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Jampangkulon pikeun bahan pangajaran nyarita di kelas VII SMPN 1 Jampangkulon?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskrripsikeun:

- 1) Kecap basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Jampangkulon;
- 2) Wanda kandaga kecap basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Jampangkulon;
- 3) Péta sebaran dialék géografis Jampangkulon Sukabumi;
- 4) Kandaga kecap basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Jampangkulon pikeun bahan pangajaran nyarita di kelas VII SMPN 1 Jampangkulon.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Aya sababaraha mangpaat tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Pikeun ngeuycuban tiori paélman katatabasaan jeung hasil panalungtikan anu geus aya;

- 2) Pikeun ngeuyeuban kabeungharan kecap: kandaga kecap, kamus, jsté.
- 3) Bisa dijadikeun bahan tinimbangan para guru dina nyusun bahan pangajaran disakola.

### 1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nu dipaké dina ieu panalungtikan, nya éta dihandap ieu:

- 1) Basa Sunda dialék Sukabumi dipaké komunikasi masarakat di Kacamatan Jampangkulon;
- 2) Basa Sunda mibanda kabeungharan kecap boh dina ragam tulisan boh dina ragam lisan;
- 3) Ulikan dialék nyampak dina linguistik.

### 1.6 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré, ieu panalungtikan merlukeun ayana wangenan istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, diantarana waé:

#### a. Géografi dialék

Nya éta cabang dialéktologi ngeunaan hubungan anu aya dina ragam-ragam basa nu ngawengku tempat ngawujudna ragam-ragam éta.

#### b. Basa Sunda

Basa Sunda Nya éta basa indung urang Sunda anu diparaké kénéh ku masarakatna, boh di tatar Sunda boh diluareun tatar Sunda.

c. Kacamatan Jampangkulon

Kacamatan Jampangkulon ayana di Kabupatén Sukabumi béh kaléreun

Kacamatan Suradé, anu kaasup kana wilayah enam Jampangkulon.

d. Kabupatén Sukabumi

Sukabumi mangrupa salah sahiji Kabupatén di Jawa Barat.

e. Bahan Pangajaran Nyarita

Bahan pangajaran nyarita nya éta salah sahiji komponen tina sistem pangajaran anu Standar Kompetensina ngeunaan nyarita.

f. SMPN 1 Jampangkulon

SMPN 1 Jampangkulon nya éta salah sahiji SMPN anu aya di Kacamatan Jampangkulon.

